

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

Dumasar hasil analisis jeung déskripsi data, dina ieu bab dipidangkeun kacindekan jeung saran saperti ieu di handap.

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan ngadéskripsikeun kalimah ébréhan dina novél *Rajapati di Pananjung* karangan Ahmad Bakri disawang tina fungsi jeung wandana pragmatisna. Dumasar kana analisis jeung déskripsi data, hasil panalungtikan fungsi jeung wanda pragmatis kalimah ébréhan dina novél *Rajapati di Pananjung* karangan Ahmad Bakri kapanggih aya 175 kalimah ébréhan, anu diwincik jadi tilu bagian, di antarana: (1) fungsi pragmatis kalimah ébréhan nu aya dina novél *Rajapati di Pananjung* karangan Ahmad Bakri; (2) harti jeung ciri pragmatis kalimah ébréhan nu aya dina novél *Rajapati di Pananjung* karangan Ahmad Bakri; jeung (3) wanda pragmatis kalimah ébréhan nu aya dina novél *Rajapati di Pananjung* karangan Ahmad Bakri.

*Kahiji*, kalimah ébréhan mangrupa kalimah anu fungsina pikeun ngébréhkeun émosi atawa rasa anu kaalaman ku panyatur, saperti rasa bungah, sedih, hookeun, ngambek, jeung lianna. Tina hasil panalungtikan kapanggih aya dua fungsi kalimah ébréhan, di antarana: (1) Fungsi kalimah panggentra (vokatif) kapanggih aya dua pola anu ngawengku: 1) pola ka-1 jumlahna aya 11 (6,3%) kalimah panggentra (vokatif); jeung 2) pola ka-2 jumlahna aya 2 (1,1%) kalimah panggentra (vokatif). (2) Fungsi kalimah anteuran kapanggih aya 22 pola kalimah ébréhan anu ngawengku: 1) pola ka-1 jumlahna aya 15 (8,6%) kalimah anteuran; 2) pola ka-2 jumlahna aya 4 (2,3%) kalimah anteuran; 3) pola ka-3 jumlahna aya 42 (24%) kalimah anteuran; 4) pola ka-4 jumlahna aya 3 (1,7%) kalimah anteuran; 5) pola ka-5 jumlahna aya 1 (0,6%) kalimah; 6) pola ka-6 jumlahna aya 11 (6,3%) kalimah anteuran; 7) pola ka-7 jumlahna aya 15 (8,6%) kalimah anteuran; 8) pola ka-8 jumlahna aya 34 (19,4%) kalimah anteuran; 9) pola ka-9

jumlahna aya 8 (4,6%) kalimah anteuran; 10) pola ka-10 jumlahna aya 1 (0,6%) kalimah anteuran; 11) pola ka-11 jumlahna aya 5 (2,9%) kalimah anteuran; 12) pola ka-12 jumlahna aya 3 (1,7%) kalimah anteuran; 13) pola ka-13 jumlahna aya 1 (0,6%) kalimah anteuran; 14) pola ka-14 jumlahna aya 2 (1,1%) kalimah anteuran; 15) pola ka-15 jumlahna aya 2 (1,1%) kalimah anteuran; 16) pola ka-16 jumlahna aya 1 (1,1%) kalimah anteuran; 17) pola ka-17 jumlahna aya 3 (1,7%) kalimah anteuran; 18) pola ka-18 jumlahna aya 3 (1,7%) kalimah anteuran; 19) pola ka-19 jumlahna aya 1 (0,6%) kalimah anteuran; 20) pola ka-20 jumlahna aya 4 (2,3%) kalimah anteuran; 21) pola ka-21 jumlahna aya 1 (0,6%) kalimah anteuran; jeung 22) pola ka-22 jumlahna aya 2 (1,1%) kalimah anteuran.

*Kadua*, kalimah ébréhan miboga rupa-rupa harti, misalna waé kagét, keuheul, umajak, ngageuri, mupuas, karumasan, tumamprak. Nilik kana cirina, misalna waé ayana kekecapan: *ih, na, alhamdulillah, nun Gusti, yu, nuhun, emh*, jeung lianna. Dumasar analisis data, dina ieu panalungtikan kapanggih aya dalapan fungsi jeung ciri-cirina, di antarana: 1) kalimah ébréhan harti pragmatisna kagét aya 42 (24%) kalimah, sarta miboga ciri-ciri di antarana diwangun ku kecap *euleuh, har, ih, wah*, jeung lianna; 2) kalimah ébréhan nu harti pragmatisna keuheul aya 40 (22,8%) kalimah, sarta miboga ciri-ciri di antarana diwangun ku kecap *bedus, na*, jeung lianna; 3) kalimah ébréhan nu harti pragmatisna umajak aya 28 (16%) kalimah, sarta miboga ciri-ciri di antarana diwangun ku kecap *hu/hayu* jeung *mangga*; 4) kalimah ébréhan nu harti pragmatisna ngageuri aya 42 (24%) kalimah, sarta miboga ciri-ciri di antarana diwangun ku kecap *ah, euh, eum, heeh, hih, lah, tuda*, jeung lianna; 5) kalimah ébréhan nu harti pragmatisna paneges aya 9 (5,1%) kalimah, sarta miboga ciri-ciri di antarana diwangun ku kecap *tah*; 6) kalimah ébréhan nu harti pragmatisna mupuas aya 1 (0,6%) kalimah, sarta miboga ciri-ciri di antarana diwangun ku kecap *hoyah*; 7) kalimah ébréhan nu harti pragmatisna karumasan aya 1 (0,6%) kalimah, sarta miboga ciri-ciri di antarana diwangun ku kecap *rumaos*; jeung 8) kalimah ébréhan nu harti pragmatisna tumamprak aya 1 (0,6%) kalimah, sarta miboga ciri-ciri di antarana diwangun ku kecap *alhamdulillah*.

*Katilu*, ditilik tina wandana, aya opat rupa kalimah ébréhan atawa omongan nu ngawengku kalimah ébréhan komisif, kalimah ébréhan impositif, kalimah ébréhan éksprésif, jeung kalimah ébréhan asértif. Dumasar analisis data, kapanggih aya opat rupa wanda pragmatis kalimah ébréhan, di antarana: (1) kalimah ébréhan komisif kapanggih aya 6 (3,4%) kalimah, sarta miboga rupa-rupa ma'na saperti ma'na ngawawarkeun jeung ma'na ngantebkeun; (2) kalimah ébréhan impositif kapanggih aya 22 (12,6%) kalimah, sarta miboga rupa-rupa ma'na saperti ma'na nitah, ngajak, ngageuri, jeung miharep; (3) kalimah ébréhan éksprésif aya 131 (74,9%) kalimah, sarta miboga rupa-rupa ma'na saperti ma'na tumamprak, nyaré, kagét, ngageuri, jeung keuheul; jeung (4) kalimah ébréhan asértif aya 4 (2,3%) kalimah, sarta kaasup kana golongan kalimah analitis.

Dumasar data-data di luhur, fungsi pragmatis kalimah ébréhan, harti jeung ciri pragmatis kalimah ébréhan, sarta wanda pragmatis kalimah ébréhan kapanggih dina novél *Rajapati di Pananjung* karangan Ahmad Bakri.

## 5.2 Saran

Dumasar kacindekan di luhur, aya sawatara saran anu perlu ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan.

*Kahiji*, ieu panalungtikan téh ngajaring kalimah ébréhan anu kapanggih dina sumber ragam basa tulisan, nya éta dina wangun novél. Éta hal disababkeun can aya nu nalungtik ihwal kalimah ébréhan, boh dina sumber ragam tulisan boh dina sumber ragam lisan. Ku kituna, panalungtik nyokot kaputusan pikeun nalungtik kalimah ébréhan dina wangun tulisan. Sangkan leuwih lengkep, tangtuna hadé pisan lamun ieu panalungtikan téh dimekarkeun deui, nya éta ku cara ngayakeun panalungtikan dina wangun lisan.

*Kadua*, pikeun ngajembaran ambahan kabasaan hususna kapragmatisan kalimah ébréhan, dipiharep tilikan nu dipedar bisa leuwih dijembaran deui, teu ngan sawates fungsi, harti jeung ciri, katut wanda kalimah pragmatis ébréhan wungkul.

*Katilu*, novél *Rajapati di Pananjung* karangan Ahmad Bakri kaasup novél déwasa. Ku kituna, ieu panalungtikan teu dipatalikeun jeung pangajaran, sabab

patali jeung eusi carita anu kurang pantes pikeun diajarkeun dina pangajaran. Pikeun ka hareupna, perlu aya nu nalungtik ihwal kalimah ébréhan nu dipatalikeun jeung pangajaran nu tangtuna sumber datana pantes pikeun dijadikeun bahan ajar. Pangna dipatalikeun jeung pangajaran, sabab unsur-unsur pangwangun kalimah ébréhan lolobana diwangun ku kecap panyeluk nu mangrupa salah sahiji matéri kabasaan nu aya dina matéri pangajaran di tingkat SMP.

